



# Benefis pou timoun

## Ki sa ki andedan

Kiyès ki ka resevwa benefis pou timoun nan?	1
Ki sa ou pral bezwen lè ou aplike pou benefis pou timoun	2
Benefis yo ka kontinye nan laj 18 an	2
Si w ap pran swen yon timoun	2
Ki valè kòb yon fanmi ka resevwa?	2
Pou kontakte Sekirite Sosyal	2

An 2016, nou te distribye an mwayèn \$2, 6 milya dola chak mwa pou benefisyè apeprè 4,3 milyon timoun paske youn oswa toule de paran yo andikape, nan retrèt oswa yo te mouri. Lajan sa yo ede nou founi nesesitye lavi a pou manm fanmi yo epi pou rann li posib pou timoun sa yo fini lekòl segondè. Lè yon paran vin andikape oswa li mouri, benefis Sekirite Sosyal yo ede estabilize lavni finansye fanmi an.

**NOTE:** Timoun ki andikape epi paran yo gen revni oswa resous ki ba ka elijib pou benefis Revni Sekirite Siplèmantè. Li piblikasyon, Benefits for Children With Disabilities (Publication No. 05-10026).

## Kiyès ki ka resevwa benefis pou timoun nan?

Pitit ou ki pa marye ka resevwa benefis si yo:

- Poko gen 18 an;
- Gen 18-19 an epi yo se elèv aplentan (ki pa depase 12èm klas segondè); oswa
- 18 an oswa plis ki gen yon andikap ki te kòmanse anvan yo te gen 22 an.

Nan kèk sikonstans, nou ka peye benefis tou pou yon pitit konjwen w, pitit pitit ou, pitit pitit konjwen w, oswa yon pitit ou te adopte.

Pou jwenn benefis yo, yon timoun dwe genyen:

- Yon paran ki andikape oswa ki retirete epi ki gen dwa pou resevwa benefis Sekirite Sosyal; oswa
- Yon paran ki te mouri aprè l te fin travay ase lontan nan yon djòb kote yo te peye taks Sekirite Sosyal.

## Ki sa ou pral bezwen lè ou aplike pou benefis pou timoun

Lè w aplike pou benefis pou pitit ou a, ou pral bezwen batistè timoun nan ansanm ak nimewo Sekirite Sosyal paran an ak timoun nan. Toudepan de tip benefis ki enplike, lòt dokiman ka nesese. Pa egzanp, si w ap aplike pou benefis sivivan pou timoun nan, ou pral bezwen bay prèv lanmò paran an. Si w ap aplike pou benefis pou yon timoun ki andikape, ou pral bezwen bay prèv medikal ki pwouve andikap timoun nan. Reprezantan Sekirite Sosyal la k ap ede w la pral fè w konnen ki lòt dokiman ou ka bezwen.

## Benefis yo ka kontinye nan laj 18 an

Benefis yo sispann lè pitit ou a rive nan laj 18 an amwenske pitit ou a se yon elèv oswa li andikape.

### Si pitit ou a se yon elèv

Twa mwa anvan 18èm anivèsè nesans pitit ou a, nou pral voye yon notis pou fè w konnen benefis yo pral sispann lè pitit ou a gen 18 an. Benefis yo pap sispann si pitit ou a se yon elèv aplentan nan yon lekòl segondè (oswa elemantè). Si pitit ou a poko gen 19 an epi li toujou nan yon lekòl segondè oswa elemantè, yo dwe fè n konn sa. Yo dwe ranpli yon deklarasyon prezans yon ofisyèl lekòl la sètifye. Kidonk benefis yo pral kontinye jiskaske pitit ou a gradye, oswa jiska de mwa aprè l fin gen 19 an, nenpòt ladan yo ki rive anvan.

## Si pitit ou a andikape

Benefis yo pral kontinye nan laj 18 an pou yon timoun ki andikape. Yo peye benefis andikap tou pou timoun ki andikape depi yo piti aprè yo fin gen 18 an, si andikap la rive anvan 22 an.

## Si w ap pran swen yon timoun

Si w ap resevwa benefis paske w ap okipe yon timoun, dat benefis pa w la sispann nan ka diferan ak dat benefis timoun nan sispann.

Si timoun nan pa andikape, benefis ou yo pral sispann lè yo gen 16 an.

Si timoun nan andikape, benefis ou yo ka kontinye si w kontinye egzèse kontwòl parantal ak responsablite pou yon timoun ki mantalman andikape. Benefis ou yo ka kontinye tou si w fè sèvis pèsònèl pou yon timoun ki fizikman andikape. Anvan timoun nan rive gen 16 an, nou pral voye yon notis ba w ki dekri nan ki kondisyon benefis ou yo pral kapab kontinye.

## Ki valè kòb yon fanmi ka resevwa?

Nan yon fanmi, yon timoun ka resevwa jiska mwaye nan benefis konplè retrèt oswa envalidite paran an. Si yon timoun resevwa benefis sivivan, yo ka jwenn jiska 75 pousan nan benefis debaz Sekirite Sosyal paran ki mouri a. Sepandan, genyen yon limit nan valè lajan nou ka peye yon fanmi. Yo detèmine pèman maksimòm fanmi an kòm yon pati nan chak kalkil benefis Sekirite Sosyal. Li kapab ant 150 a 180 pousan montan benefis konplè paran an. Si montan total yo gen pou peye tout manm fanmi yo depase limit sa a, nou redui benefis chak moun defason pwopòsyonèl (eksepte paran an) jiskaske montan total la egal a montan maksimòm yo pèmèt la.

## Pou kontakte Sekirite Sosyal

Genyen plizyè fason pou kontakte Sekirite Sosyal, san wete sou entènèt, pa telefòn, epi an pèsòn. Nou la pou n reponn kesyon w yo epi pou n sèvi w. Depi plis pase 80 ane, Sekirite Sosyal

te ede sekirize lavi w jodi a ak demen lè l ofri benefis ak pwoteksyon finansye pou demilyon moun nan pakou y ap fè nan lavi yo.

## Vizite sitwèb nou an

Fason ki pi pratik pou regle biznis nan Sekirite Sosyal nenpòt kote nenpòt lè, se lè w vizite sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov). Nan sit la, ou kapab:

- Kreye yon kont *my* Social Security pou egzamine *Social Security Statement* (*Deklarasyon Sekirite Sosyal*) ou a, verifye revni w, enprime yon lèt verifikasyon benefis, chanje enfòmasyon pou depo dirèk ou, fè demann pou yo ranplase kat Medicare ou, jwenn yon ranplasman pou fòm SSA-1099/1042S, ak anpil lòt bagay ankò;
- Aplike pou jwenn Extra Help (èd siplemantè) avèk depans plan Medicare pou medikaman ou achte avèk preskripsyon;
- Aplike pou benefis retrèt, envalidite ak Medicare;
- Jwenn kopi piblikasyon nou yo;
- Jwenn repons pou kesyon moun konn poze souvan; ak
- Anpil lòt bagay ankò!

Kèk nan sèvis yo disponib sèlman nan lang anglè. Vizite Multilanguage Gateway (pòtay miltilang) nou an pou enfòmasyon nan lang kreyòl ayisyen. Nou ofri sèvis entèprèt gratis pou ede w regle biznis Sekirite Sosyal ou yo. Sèvis entèprèt sa yo disponib kit ou pale avèk nou pa telefòn kit ou vini nan biwo Sekirite Sosyal la.

## Rele nou

Si w pa gen aksè nan entènèt, nou ofri plizyè kalite sèvis otomatize, 24 sou 24, 7 jou pa semèn. Rele nou gratis nan **1-800-772-1213** oswa nan nimewo TTY nou an, **1-800-325-0778**, si w soud oswa ou gen difikilte pou tande.

Si w bezwen pale avèk yon moun, nou ka reponn apèl ou yo apati 7 è dimaten jiska 7 è diswa, de lendi a vandredi. Nou mande w pou pasyan pandan peryòd nou okipe anpil paske w ka jwenn plis siyal okipe epi w ka gen pou ret tann pi lontan anvan w gen opòtinite pou pale avèk nou. N ap tann pou n sèvi w.



Securing today  
and tomorrow

Social Security Administration  
Publication No. 05-10085-HC | July 2017  
Benefis pou timoun  
Benefits for Children (Haitian-Creole)  
Produced and published at U.S. taxpayer expense  
Se lajan kontribiyab Ozetazini peye ki pèmèt yo pwodui epi pibliye piblikasyon sa a